Маршо Радио

ТАХАНЛЕРА ТЕМАНАШ

# Нохчийчуьра немцойн депутат тIамтIехь нисвалар

Каргин Иван

Товбеца-бутт 20, 2026




Дадаев Мурад, иза ву Нохьа Кригер а

**Ша "Альтернатива Германина" (АдГ) аьллачу аьтто-партин декъашхо ву боху, Нохчийчуьра схьаваьлла Дадаев Мурад, къаьсттина дика вевза иза Кригер Нохьа цIарца, Оьрсийчоьнан эскаран декъахь Украине ваханера. Цунна хIинцале а мидал йелла, "Немцойн батальон" кхуллуш ву ша аьлла, дIа а кхайкхийна цо. Ша массеран а метта "тIом беш ву" боху цо: оьрсийн а, нохчийн а, немцойн а метта. Оцу йукъанна, цхьа а тоьшалла дац Кригер тIамехь дакъалоцуш хиларан. Тхан редакцино теллина, муха, хIунда нисвелла блогер тIамехь.**

Дадаев Мурад Соьлжа-гIалахь вина ву 1989-чу шарахь, иза хьалакхиъна СемаьIашкахь. Цуьнан вешина Дадаев Сулейманна таIзар дира 2011-чу шарахь Австрехь 19 шо хан а тухуш, Венехь Кадыров Рамзанан хилла хадархо Исраилов

Іумар верца доьзначу гІуллакххехула. Исраиловс гІарадаькккхинера Нохчийчохь къайлахчу набахтешкахь нахана тІехь ницкъбарх лаьцна. Дина таІзар доллушехь, 2022-чу шеран чиллан-баттахь Дадаев Сулейман Оьрсийчу йухавеара, керла паспорт а даькккхина.

Ткъа Кригер тІаьххьалц Германехь вехаш вара. Цо лелош бизнес йара, XIX -чу бІешерашкара цхьа шира гІишло йара цо ХІанноверехь аренде эцна. Цигахь цо тІелоцуш хиллера Нохчийчоьнан куьйгалхочуьнца боьзна шен махкахой. "Германинан альтернатива" партин ша декъашхо хиларе терра, цо жигараллица пайдаоьцура социалан машанашкахь нацистийн лозунгех а, билгалонех а.

Дерриг а хийцадала доладелира 2025-гІа шо чекхдолуш. Цкъа хьалха Кригер цо лаьцна хиллачу хІусамера араваькккхира, арендан ахча дІа ца даларна (цул а хьалха оцу цІенна цІе тесна а хиллера). Ткъа гурахь АдГ партино дІахьедира, шаьш блогер шайн могІарера дІавоккхуш болх болийна аьлла. И сацам баран хІун бахьана ду, ца дийцира партино. Амма цул а хьалха Кригер Соьлжа-ГІала а вахана, Кадыровс дакъалоцуш хиллачу Нохчийчоьнан парламентан кхеташонехь хилира, республикан вице-премьерна Дудаев Ахьмадана свастика тІехь йолу Люфтваффе урс а делира цо совгІатна.

Эххар а АдГ-н могІарера Кригер дІаваькккхина йа ца ваькккхина а, билггал хууш дац. Тхан редакцино партига оцу хьокъехь дахьийтина ши кехат а жоп доцуш лаьтта. Кригера, хьалха а санна, дІахьедо, ша хІинца а цу партин декъашхо ву бохуш. Амма бакъду, зазадокху-баттера схьа дуьйна Оьрсийчохь вехаш ву иза. Соьлжа-ГІалахь лерринчу полицин полкан Іаморшкахь а хилла иза, лаьмнашкахь йоккха топ а йиттира цо, иштта Пачхьалкхан Думехь а, Петарбухерчу экономикан форумехь а хила ларийра иза. Ала догІу, цигахь а, вукхунхьа а "АдГ-н депутат" санна хилира иза.

Мангал-бутт чекхболуш Кригер Нохчийчуьрчу аренашкахь хилира, тІеман Іаморех терачу цхьана барамехь дакъалоцуш вара иза. Цул тІаьхьа масех де даьлча Украинера видеош йаржо волавелира иза. "Со кхузахь ву, и дерриг а сайн бІаьргашца ган веана", - йаздинера цо инстаграмехь товбеца-беттан 2-чу дийнахь.

ХІара блогеро оьрсийн маттахь наггахь бен йазйеш йоцчу постех цхьаъ йу, цо дукха хьолехь лелабо немцойн мотт. Цу зорбане йаьхначу посташкахь, цхьанна тІехь Кригера дІахьедо: "Аса дозалла до немцойн халкъан декъашхо суо хиларх. Махкахь вайн гІалате йолчу политикано вайн немцойн мехаллаш йохош йу. Со Украинехь ву, Оьрсийчоьнехьа лаьтташ. Мила бакъ ву, мила вац, дац вай дуьйцург, барт эгІо луучу мазбузенан политикана дуьхьал болу къийсам бу". Цуьнца цхьана хІоттийначу видео тІехь Кригеран некха тІехь латийна цуьрг ду: "Тхо-оьрсий ду, тхоьца Дела ву" аьлла, йаздина.

Украинехь йинчу кхечу шен публикацешкахь цо доьху "немцойн Даймохк кълбалбе", боху цхьана дийнахь ша йуха а цигахь хир ву, тIаккха "мукадеххех сайн мохк" маьршабоккхур бу.



Кригер Нохьа

"ТIех йеххачу хенахь Атлантикан дехьа йолчу арахьарчу пачхьалкхаша хьоьхуш ду вайна арахьара политика а, вайн экономика а, ур-аттала вайн мехаллаш а муха хила йеза. Трансатлантико тIекъийлар- доттагIалла дац, иза вайн халкъан сий дIа а доккхуш, латтош долу Iуналла ду. Ас дош делира шуна, шех "альянс" олучу оккупацех шу маьрша дохуш, тхо дIакхочур ду аьлла. Тхо хIинца а тхешан деша тIехь ду",- йаздина Кригера шен цхьана постехь.

Блогер тIемаш беш хиларх цхьа а тоьшалла дац. Цхьана видео тIехь иза дIасалелочу машенна тIелатар до дроно. Уллора эскархой дрон йохон хьийза йукъанна, Кригеран карахь йу телефон. Цул тIаьхьа коьллаш йукъахь къайлаволу иза. Кхечу видеон хьесап дича, блогеро шен видеош йохуш йу Донецкан кIоштара, лаххара а, тIемаш боьлхучу меттигна иттаннаш километрашкахь генара. Ишта хаавелира иза Енакиевехь а, Авдеевкехь а.

> **ХIокху хьолах дIаккхета а, герз лело а веана со**

Амма цунах новкъарло ца хилира, цунна "бIахаллин доьналла" гайтар аьлла, мидал йала. Тхан редакцино тидам барца, "Шторм" тобанан цIарах дина ду и совгIат. Цу тобанан йукъа оьцуш бу тутмакхаш.

Кригерна совгIат даларан билггал бахьана хууш дац. Амма и мидал пачхьалкхан мидал йац, цуо цхьа а пайда а, йа льготаш а ца ло; иза кхоьллина ветеранийн "ТIеман вежаралла" йукъараллин организацино. И совгIат кхаьчначу кхечу Нохчийчоьнан бахархошна йукъахь ву инарла Алаудинов Апти а, Нохчийчоьнан премьер-министр Даудов Мохьмад а, регионалан Росгвардин урхаллин куьйгалхо Делимханов Шарип а.

"Декъал хуьлда сийлахь Германи. Тхо, немцой, Дела воцчух, кхин цхьаннах а кхоьруш дац", - ишта комментарий йира блогеро шена совгIат делча.

Цул сов, товбеца-беттан 16-чу дийнахь цо дIакхайкхийра, Оьрсийчоьнан эскарна йукъахь "Кригер" аьлла цIе а тиллина, "немцойн батальон" кхолларх лаьцна. Иштта дакъа кхолларх лаьцна официалехь бина хаам бац.




КХИН А ХЬАЖА:

Кадыровца воьзна Германин парти йукъара нохчо дIаваккха тарло

Нохчийн NIYSO боламна хетарехь, ша "чIогIа кIант" ву аьлла, сурт кхин тIе а чIагIдархьама вахана хила тарло блогер оккупаци йинчу дозанашка.

"Тхуна цхьа а бахьана ца го, иза цига ницкъаца вахана хир ву аьла. Мелхо а, Кадыровн рожехь логикаца догIуш хир дара, рогIера "Европера цIавеанарг" ву хIара аьлла, шайн пропагандехь цунах пайдаэцар. Амма цуьнца бина болх меттигерчу хаамийн гIирсаша буьззинчу барамехь дIабаьхьна бац. Кригер цхьа майра, доьналла долуш стаг ву аьлла, вевзаш вац. Цундела олийла йу тхан, тIама йуккъехь иза дакъалоцуш вац аьлла. Оцу хьолах дIакхета, жимма герз лело, Оьрсийчоь Iалашйарехь цхьа "дакъалаца" вахначух тера ду иза цига", - дIахьедира боламан векало тхан редакцига.

Цунна хетарехь, нохчийн куьйгалло бIаьргаш хьаббо блогеран нацистий хьежамаш хиларна, хIунда аьлча, царна коьрта ду, иза Оьрсийчоьнехьа хилар а, цо дIахIиттинчу Iедалхошкахьа хилар а. Кхиндерг коьрта дац.

"Масала, схьаоьцур вай Оьрсийчоьнан пропагандин АгД-ца йолу политика. Германехь уьш лоруш бу ма-дарра аьлча, Гитлеран верасаш санна. Амма Оьрсийчохь, мелхо а, цара царна гIортор йо, къайлаха спонсоралла а до, уьш хьошалгIа а кхойкху а. Германехь бехачу дукккхаъчу оьрсийн къаьмнийн векалша кхаж тосу АдГ-на. Цара дерриг а цхьана муха иэдо- "денацификаци" а, "дедайша тIемаш бар" а, АдГ-на кхаж тасар а – хIетал-метал ду", -бохура къамелдечо.

Кригер нохчаша тIе муха оьцу аьлча, NIYSO-н векало билгалдаккхарехь, диаспорина иза мостагI а, йамартхо а ву, хIунда аьлча, мигранташна дуьхьал йолчу партин векал ву иза. Ткъа даймахкахь бехарш цецбевлла цо лелочух, иза тамашийна, беламе стаг хета царна, цунах кхарда а кхаьрда уьш.

> " Нацистийн хьежамех цхьа а цец ца волу

Оьрсийчоьнан пропагандина Кригер – шен хьагI йолу хьежамаш боллушехь – дешин

мах болуш ву, цо "нийса" Европа гойтуш хиларна, билгалдоккху социолога Дубровский Дмитрийс.

"Кремлан логика иштта ма йу: Оьрсийчоь гӀерта "нийса" Европа "харц" Европах ларъйан. Цара боху, европахой хийцабелла, телхина, массо а тайпа галдаьлларг йукъа а даькхкина- эвтанази, ЛГБТ- оцу доллучух а Европа "кӀелхьарайаккха" йеза бохуш. Цундела, Кригер санна волу стаг царна гергахь дийна тоьшалла ду оцу хӀуманан, Оьрсийчу а лесташ, шаьш "неӀалте гейропех" кӀелхьарадийла муха гӀерта дуьйцу кхинболу нах а санна", - кхетийра къамелдечо.

Цо билгалдоккху, Кремл иттаннаш шерашкахь Евробертан генарчу аьтто-партин ницкъашца жигара цхьаьнаболх беш хилар. Цундела Кригеран АдГ-ца уьйр хиларо, шеко йоццуш, лакхарчу даржхошна новкъарло ца йо.

"Мацах лелаш хилла цхьа забар дагайоуьйту кхуо, Гестапера къизаллина тӀехула цхьаъ араваккхар. Фашистийн АдГ парти йукъара нацизмана пропаганда йарна стаг дӀаваккхар, и ду хьуна и стаг билггал нацист хилар", - билгалдоккху Дубровскийс.

Оьрсийчоьнан Ӏедалшна цхьа а проблема йац Кригеран хьежамаш хиларна – Оьрсийчоьнан эскарехь хӀинцале а болуш бу тӀом беш неонацисташ, боху журналисто Кашин Олега: "Ткъа, принципехь, "леррина тӀеман операци" йолалуш Путин Владимира хьалха хӀоттийна йолу денацификацин лозунг, ма-йарра тӀеоьцийла дац. Свастикех а нацистийн хьежамех а Оьрсийчохь цхьа а цец ца волу".

Ма-дарра аьлча, бохуш, кхетадо къамелдечо, Оьрсийчоьнан пачхьалкхана ца тов йерг -Украинера аьтто-партин идеологи бен йац, шен орамашца украинхойн националистийн йукъараллийн а, Украинан гӀаттамхойн армин а эпохе вуьгуш йолу. Амма "Бандерал дехьа долу муьлхха а хӀума кхачам боллуш къобал дан йиш йолуш ду Кремло", - аьлла, дерзийра Кашина шен къамел.

- Украинерчу тӀамехь вийна масийтаза кхел йина хилла Нохчийчуьра криминалан авторитет, "Кадыров Рамзанан чалтач" санна вевзаш хилла Денисултанов Артур. Политикан буха тӀехь нах байъина, Нохчийчуьра бахархой тоххара а хьийсабора тӀамтӀе. Уьш тӀамехь муха нислора а, цигахь царах хиллачух а дийцира тхан редакцино шен материалехь.
- Нохчийчохь, Кадыровн рожан критикашна дийцарехь, ницкъаллин структурийн белхахоша меттигера бахархой лечкъор соцуш дац. Белларш а бу царлахь, шайна йукъахь тӀаме а вахана, цул тӀаьхьа "Ахматехь" ахчанаш

дахарна арз дина хилла оппозицин блогер а волуш. Тхан редакцино къастийра, тӀаьххьарчу беттанашкахь нуьцкъала нах лечкъорах а, къайолабахарх а хууш долчух лаьцна.

**Таханлера теманаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю